Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı ha’m Orta arnawlı

bilimlendiriw ministrligi

*Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti*

QARAQALPAQ FILOLOGIYA FAKULTETI

# Referat

Tema: **Qorqit ata kitabi ha’m qaraqalpaq da’stanlari**




Orınlag’an: Reymova.A

Qabıllag’an: **Жаримбетов А**


No’kis **w0qr** -j

Joba:


I. Kirisiw

II. Tiykarg'i bo'lim

1. Qorqit ata jirlari ha'm qaraqalpaq da'stanlari ortasindag'i uqsasliqlar
2. Qorqit ata jirlari ha'm qaraqalpaq da'stanlarindag'i o'zine ta'n ayirmashiliqlari
3. Da'stanlardag'i ta'rbiyaliq ahmiyeti

III. Juwmaqlaw

Paydalanilg'an a'debiyatlar.

## Qorqit ata kitabi ha'm qaraqalpaq da'stanlari

Qorqit ata kitabi uliwma tu'rkiy tilles xaliqlardin' ko'pshiliginin' awizeki epikaliq do'retpeleri menen jaqin baylanisqa iye. Sonin' ishinde qaraqalpaq xaliq da'stanlari menen hayran qalarliq uqsasliqa iye ekenligi ir emes.

Ol jirlar Qorqit ata kitabinda to'mendegishe jaylastirilg'an. Birinshi – Qorqittin' naqil so'zleri bayanlanip, jirdin' kirispesiretinde o'z aldina dara orin tutadi.

1. «Dersexan uli Buxashjan haqqinda» jir; 2. «Qazan-Salordin' awilinan jaw shapqani tuwrali» jir; 3. «Baybo'ribek balasi Bamsi Biyrek tuwrali» jir; 4. «Qazanbektin' balasi Orazbektin' balasi jawg'a qalay tutilg'anlig'i tuwrali» jir; 5. «Toqa balasi er ju'rek Domrul tuwrali» jir; 6. «Og'uz xan'li balasi Xan To'reli haqqinda» jir; 7. «Og'uz- Qaziliq balasi Iekenk tuwrali» jir; 8. «To'berko'z da'wdi o'ltirgen Bisat tuwrali» jir; 9. «Begil uli A'mran batir tuwrali» jir; 10. «Og'uz xoja balasi Sekrek tuwrali» jir; 11. «Qazan-Salordin' jawg'a tutqin bolg'ani ha'm onin' o'z balasi Orazdin' azat etiwi tuwrali» jir; 12. «Sirtqi og'uzlardin' ishki og'uzlarg'a qarsi bas ko'teriwi ha'm Biyrektin' qalay o'ltirilgeni tuwrali» jir.

Bul jirlardin' ha'r birin su'wretlenip atirg'an waqiyag'a baylanisli qiziqli syujetke qurilg'anliqtan qaharman obrazin, ha'reketlerin jasaw o'zgeshelikleri jag'inanda syujetlik ha'm kompozitsiyaliq qurilisi jag'inan da, ayrim epizot ha'm detallardin', mativlerdin' beriliw ta'repleri menen de qaraqalpaq xaliq da'stanlari menen jaqin uqsasliqlarg'a iye. Sonliqtan da qazaq ilimpazi professor A'.Qon'iratbaev: «Qorqit» jirlarinin' syujeti barliq kiyingi qa'wimlerdin' eposina o'tken» - dep aytqan edi. haqiyqatinda da «Qorqit ata kitabi»indag'i ha'r bir jir, ondag'iz qaharmanlardin' o'z elin dushpanlardan qorg'awi sirtqi jawarg'a qarsi gu'resi bende bolg'an xalqin

dushpan qolinan azat etiwi, batirlardin' qaharmanliq gu'resleri, muxabbat ma'selesinin' so'z etiliwi, ko'rkem su'wretlew qurallari tag'i basqalar qaraqalpaq xaliq da'stanlari «Alpamis», «Qobilan», «Ma'spatsha», «Edige», «G'a'rip - Ashiq», «Yusup- Axmet», «Hurlixa - Hamra» siyaqli t.b. jazba ha'm awizeki do'retpeler menen og'ada uqsaslig'inda ko'rinedi.

Qorqit ata kitabinin' «Dersexan uli Buqash haqqinda», «Bayborabek balasi Bamsibiyrek haqqinda» dep ataliwshi I ha'm III jirlarinin' baslamasi ko'pshilik tu'rkiy tilles xaliqlarina ta'n bolg'an perzentsizlik mativinin' su'wretleniwi menen beriledi. Al bul bolsa ertedegi jazba esteliklerdin' misali XI a'sirde jasag'an tu'rk danishpani Yusuf Has Ha'jibtin' «Qutadug'u - Blig» (Baxitqa baslawshi bilim) shig'armasinda ko'p g'ana qaraqalpaq da'stanlarinin' syujetine ta'n ortaq tipik su'wretlew. Misali: «Alpamis», «Yusuf- Axmet», «Ga'rip Ashiq» da'stanlarinin' ekspozitsiyasi ha'm ondag'i basil qaharmanlardin' ta'g'diri ha'm is ha'reketleri  Dersexan uli Buqash haqqinda», «Bayborabek balasi Bamsibiyrek haqqinda» jirlarindag'i qaharmanlardin' tag'diri menen og'ada uqsas ha'teki Alpamis da'stani menen «Bamsibiyrek» jirindag'i syujetlik ha'm kompoziotsiyaliq uqsaslig'in bilay qoyg'anda qaharmanlardin' atlarina shekem sa'ykes keliwi ju'da' qiziqarli. Ma'selen: Bayborabek – Baybo'ri, Baybidjanbek – Baysari. Sonliqtanda belgili tyukolog akademik B.M.Jermunskiy «Тюркский героический эпос» atli miynetinde usi «Alpamis» da'staninin' barliq tu'rkiy xaliqlarda bar variantlarinin' ha'm xaliq erteklerinin' og'uz eposi «Bamsi Biyrek» jiri menen syujetlik uqsaslig'in salistiriw qarqali birinshilerden bolip piker bildirgen edi. haqiyqatinda da biz «Qorqit ata» kitabi menen salistirmali tipologiyaliq  izertlew obektsi etip alip otirg'an qaraqalpaq da'stanlari ishinde ayriqsha «Alpamis» da'stani menen og'uz eposi «Bamsi Biyrek» jiri ortasinda ha'r ta'repleme ha'm tutasi menen birdey, uqsas ha'm jaqin baylanistin' bar ekenligin aytip o'tiwimiz kerek.

Uliwma og’uz eposindag’i ha’m qaraqalpaq da’stanlarindag’i syujetlik sa’ykeslik sonda waqiya jaslari birazg’a barsa da bir perzentke zar bolg’an g’arrilardin’ o’mirge narazilig’i, tilek a’rmanlarinin’ birdeyligi menen waqiya baslanip ha’ bayanlanip bariladi. Sonin’ ushinda professor R.Berdibaev «Alpamis» da’stanindag’i usinday mativler tuwrali bildirgen pikirinde bilay dep jazg’an edi: «Qartayg’an ata-ananin’, duyim jurttin’, ta’n’riden perzent sorap o’tinish etiwi jekle semyaliq tilek g’ana bolip qoymastan al, belgili bir ruw, qa’wimlerdin’ de maqseti bolip esaplanadi. Bunday mativler epostin’ baslaniwina bir qupya quwat engizgendey boladi. Demek, qaharmanliq da’stannin’ ekspozitsiyasi ayriqsha ko’rkemlik ro’l oynaydi.»

Haqiyqatinda da «Qorqit ata» kitabindag’i jirlarda da qaraqalpaq da’stanlarinda da qartayg’an bay babanin’ perzentsizligi olardin’ jeke basinin’ qayg’isi emes al pu’tin bir eldin’, qa’wimnin’ qayg’isi ekenligin an’laymiz. Bul a’sirese «Qorqit jir»larinda aniq ko’rinedi. Sonliqtan da «Dersexan uli Buqashjan» ha’m «Bamsi Biyrek» jirlarinda toyg’a jiynalg’an pu’tkil o’guz bekleri ko’kke qollarin jayip ta’n’riden perzent tileydi. Sebebi tu’rkiy qa’wimlerinin’ eski zamandag’i qudaylari «Ta’n’ri» dep atalatug’in edi. «Ma’spa’tsha» da’staninda perzentsiz A’bdika’rimbayg’a tu’sinde «Jeti pir» ayan berip perzentli bolatug’inlig’i haqqinda xabar keledi.

Qorqit ata kitabinin’ I ha’m III jirlarinin’ baslaniwinda pu’tkil og’uz elinin’ xani Xam-G’an uli Bayandur xannin’ barliq og’uz beklerin jiynap toy beriw siyaqli syujet qaraqalpaq da’stanlarinda da ushirasadi. Onin’ u’stine sol toyda (bul bir jirda) perzentsiz adamlarg’a isenetug’in bizge belgisiz da’stu’r beriledi. Misali: ul perzenti barlardi aq otawg’a kirgizip qizil qoydin’ basi tartiwi al perzenti joqlar qara otawg’a kirgizip astina qara kiyiz kiygizip atag’ina qara qoy soyiliwi.

Qorqit ata kitabinin’ «Bamsi Biyrek» jirinda ha’m «Alpamis», «G’arip ashiq» da’staninda da eki ten’les baylardin’ biri ulli, biri qizli bolg’anda

Bamsi ha'm Baniw Sheshekti, Alpamis ha'm Gu'lparshindi ya'ki Ga'rip ha'm Shaxsanemdi bir birine atastirip aqilay quda boliwlari birdey uqsasliqa iye. Jazba estelikte de awizeki miyraslarimizda da basli qaharmanlar eposlarina ta'n su'wretlew usili biyinsha birden er jetpedi ha'm er ju'rek, aybatli, batir jigit bolip jetispedi. Qorqit ata kitabinin' syujetinde de qaraqalpaq xaliq da'stanlarinin' syujetinde de batirlar obrazinin' jasaliwina ayriqsha kewil bo'linedi. Misali: Bamsi 15 jasinda a'kesinin' jibergen sa'wda'gerlerine topilis jasag'an 500 g'awirge jalg'iz o'zi uris ju'rgizip jen'iske erisse, Buqash 15 jasinda Bayandurxan sarayinda jabayi o'giz benen ayqasiip oni o'ltirip erlik ko'rsetedi. Alpamis 14 jasinda jalg'iz o'zi Tayshiqannin' jurtina talanip Qarajan menen gu'resip jen'iske erisedi. Qobilan ju'da' jas waqtinan qorqpastan Seydimxan patshanin' eline bir o'zi atlansa, Ma'spatsha 16 jasinda jalg'iz o'zi uzaq ellerge Ayparshanin' deregin izlep shig'adi. Bolajaq batirlardin' ku'ta' jas waqitlarinan baslap aq qaharmanliq erlik ko'rsetiwi a'yyemnen kiyatirg'an batirliq jirlarina ta'n da'stu'rlik su'wretlewlerinin' bir formasi bolsa kerek.

Qorqit ata kitabinda ertedegi ko'shpeli dala xaliqlarina ta'n ayyemgi da'stur'lerininn' biri bala tuwilg'aninda emes al birinshi erlik ko'rsetip qan to'kkennen kiyin og'an ekinshi ret at qoyiliwi meresimi saqlang'an. Bul da'stu'r haqqinda Altay ertekjlerin izertlewshi V.Verbetiskiy, «Isim tuwiliwdan aq emes al batir o'z boyinda ku'shti sezgen ha'm oni sawashta ko'rsetiwge tayarlanip atirg'an waqitta qoyiladi isimler sawashta yamasa urista qaharmanliq ko'rsetkennen son' qoyiladi» - dep jazadi sonday aq usig'an uqsas mag'liwmati grek ta'riyxshisi Geradot Edil boyinda jasawshi Sarmat alanlar elinde jaw menen urisip qan to'kpegen bir de bir qizdin' erge shig'iwg'a haqisi joq bolg'anlig'i haqqinda bayanlaydi.

Tu'kiy xaliqlardin' eposlerinde batirlardin' qural jarag'ina sawit saymanina ayriqsha diqqat bo'linedi. Ma'selen: og'uz eposindag'i

Bayborabek jan’a tuwilg’an balasina batirliq qural jaraq alip beriwdi oylap alistag’i Rum elinen at, nayza, oq jay akeliwge sawdagerlerin jumsaydi. Al alpamis da’staninda Alpamistin’ ju’da’ jas waqtinan aq at tan’lawina babasi Qultay ja’rdem etedi.

Qorqit ata ktabindag’i jirlarda ha’m qaraqalpaq da’stanlarinda batirlardin’ o’zlerine atastirilg’an qizdi ya’ki basqa jurttan o’zine ilayiq qalin’liq izlewi uqsas tu’rde bayanlanadi. Ma’selen: Ma’spatsha da’stanindag’i ma’pa’tshanin’ o’zine ilayiq qalin’liq izlewi «Og’uz Xan’li balasi Xan To’rli haqqinda» dep ataliwshi to’rtinshi jirdin’ baslaniwi menen birdey. Eki do’retpede de batirlar Ma’spatsha ha’m Xan To’rteli o’zlerine mina’sip yardi o’z ellerinen taba alalmaydi. Bul ati atalg’an eposlardag’i qaharmanlar basqa jurttan qiz izlew detali biyinsha rus folkloristi V.Ya.Prop: «Qosiq ba’rhama qaharmannin’ u’yinen atlanip shig’iwinan baslanadi. Sebebi ruwshiliq du’zimi da’wrinde hayalin basqa ruwdan aliw yag’niy oni izlew anaw yamasa minaw araliqtag’i alis jerge jo’nep ketiw tiyis bolg’an. Xaliq poezyasinda kelin a’dette alis jerden alip kelinedi» - dep jazadi.

Qorqit jirlarinda da qaraqalpaq da’stanlarindada a’yyemgi da’wirlerdegi xaliqlardin’ ta’biyattan tis qandayda bir qu’diretli ku’shke siyiniwinin’ ko’rinisleri eki miyrastin’ da syujetinde birdey saqlanip qalg’anlig’inin’ gu’wasi bolamiz. Soni da aytiwimiz kerek Alpamis ha’m Ma’spatsha da’stanlarinda qiriq jigit obrazi berilmegen. Al onin’ ornina Ma’spatsha da’staninda G’arg’abay obrazi orinlanip, ol Ma’spatsha ja’rdem etedi. Ayparshani aliwg’a quda tu’sip, ayttirip baradi. Bul Bamsi Biyrektin’ Baniw Sheshekti aytirip aliw detali menen uqsasliqa iye, ekinshi ta’repten G’arg’abay obrazi Bamsi Biyrektin’ u’yleniwine ja’rdem etetug’in «Qorqit ata» obrazin eske tu’siredi. «Bamsi Biyrek» jirinda Baniw Sheshektin’ Qarshar Qorqit atadan keshirim sorap, qartindasinin’ qalin’ina min’ tu’men nar tu’ye, min’ tuw biye, telinbegen min’ qoshqar, quyrig’i joq qulag’i joq

iyt, min’ bu’rge beriwin talap etedi. Eger taba almasa o’ltiretug’inin aytadi. Buni Bayborabek penen Qorqit ata tawip keledi. Al endi Alpamis da’stanindag’i syujetinde qalin’ malg’a baylanisli waqiyalar joq. Bul «Bamsi Biyrek» jirinda ha’m «Ma’spatsha» da’staninda engizilgen son’g’i da’wirledin’ (XV a’sir) qosindisi boliwida mu’mkin. Sebebi xaliqlar arasindag’i bunday qiz alisip, qiz berisiw yag’niy qalin’ mal aytisiw feodalliq du’ziminin’ en’ bir ku’sheygen da’wirinde engizilgen da’stu’rlerdin’ biri boliwinda mu’mkin. Bul da’stu’r xaliqlar arasinda a’yyemgi da’wirlerden-aq bar boliwida mu’mkin degen juwmaqqa kelemiz.

Qorqit ata obrazinin’ Bamsi Biyrekke dosliq sipatinda islegen jaqsiliqlari Alpamis da’stanindag’i Qarajan obrazi, Ma’spatsha da’stanindag’i G’arg’abay g’arri obrazi menen uqsas jaqinliqqa iye. Endi Baniw Sheshektin’ Qarshar ag’asina uqsas obrazdi Altaylardin’ «Alp-Manash» eposindag’i Erke Qaraqshinin’ Aq- Xan atli a’kesinin’ obrazinda ko’remiz. Olda qizin Qarshar siyaqli hesh kimge bermeydi, talaban bolip kelgenlerdi o’ltiredi. Sonday aq Qobilan da’staninda Qurtqanin’ ag’asi Qaraman obrazida qarshar obrazina jaqin keledi. Qaramanda da’slep qarindasi Qurtqanin’ turmisqa shig’iwina qarsi boladi.

«Bamsi Biyrek» jirinag’i Baniw Sheshek, «Alpamis» da’stanindag’i Gu’lparshin obrazina qarg’anda biraz qospali, qarama- qarsili ha’rakterge iye ekenligin ko’remiz. Sonliqtan da felologiya ilimlerinin’ kondidati J.Xoshniyazov Alpamis da’stani boyinsha jazg’an izertlewine bilayinsha ko’rsetip o’tken edi… biz «Bamsi Biyrek»te Baniw Sheshek ha’reketlerinin’ keskin ra’wishte o’zgeiske ushirag’anlig’in aytip o’tiwimiz tiyis. Ol aldin batir qiz sipatinda su’wretlenedi. Olardin’ o’zinin’ bolajaq ku’yewi Biyrektibn’ ku’shin sinap ko’riw ushin onin’ menen at jaristiriwg’a, oqjay atisiwg’a, gu’resiwge shekem baradi. Bul jag’inan Baniw Sheshektin’ arxikaliq basqishta turg’anlig’i belgilenedi, al sonin’ usinday harakterine

qalin’ malg’a baylanisli kiyewi qamawda jatirg’anda batir qizdin’ u’yinde otira beriw qusag’an jag’daylardin’ aralasiwi patriarxal-fieodalliq ja’miyettin’ o’zine ta’n ta’replerin ko’rsetedi. Demek, «Qorqit ata» kitabindag’i jirlarda en’ a’yyemgi da’wirlerge ta’n syudjetlerge ta’n feodalizmge ta’n belgilerdin’ de belgilerdin’ de aralasip ju’rgenligide aniqlanadi. Bul ta’biyiyg’y sebebi «Qorqit ata» jirlari xatqa tu’skenge deyin awizeki jirlanip kiyatirg’anliqtan ha’r da’wirdin’ ja’miyetlik xarakteri orin alip otiratug’inlig’in sezbew mu’mkin emes. «Alpamis» da’staninin’ payda boliw deregi rawajlaniw ha’m qa’liplesiw jollari boyinsha akademik B.M.Jermunskiydin’ pikirlerin alip qarayiq: «da’stan o’zinin’ a’yyemgi zamang’i ertek formasinda altay tawinin’ eteklerinde VI-VIII a’sirlerde-aq» (Tu’rik qag’anati zamaninda) payda bolg’an. Sol batirliq ertektin’ ha’zirgi zaman ko’rinisi Altaylardin’ «Alip-Manashi» bolip tabiladi. Usimannan og’uzlar Sirda’ryanin’ to’mengi jag’ina alip kelgen. Og’uzlarda bul jir batir Salor-Qazan haqqinda batirliq qosiqlar tsikline kirip o’z betinsha rawajlang’an. Bul jir usimannan Sel jukler zamaninda (XI a’sirde) Zakavkaze ha’m Kishi Aziyag’a aparilg’an… qipshaq tayipalarinin’ batisqa qaray jiljiwi menen basqa versiya tu’rinde XII-XIII-a’sirlerde Qazaqstang’a Bashqurtstang’a ha’m Volga boylarina barip kelgen. Sheybaniy xannin’ ko’shpeli o’zbekler arqali bul da’stan XVI a’sirdin’ basinda tu’slik O’zbekistannin’ Baysin betlerine alip kelingen. Bul jirdi a’yyemgi batirliq qosiq yamasa ertek tiykarinda «Alpamis» qaharmanliq da’stani du’zilgen, bunnan keyin bul da’stan qaraqalpaqlar, o’zbekler, qazaqlar arasinda taralg’an…», - deydi. Usilayinsha barliq tu’rkiy xaliqlarinda ushirasatug’in «Alpamis» tsiklindegi da’stanlar a’yyemgi da’wirlerden baslap aq belgili tariyxiy jag’daylarg’a baylanisli o’z betinshe rawajlanip kiyatirg’anlig’in ko’rsetedi.

«Qorqit ata» kitabindag'i Bamsi Biyrek jirinin' ha'm Alpamis da'staninin' syujetlik bayanlaniwi menen qosa bas qaharmanlarinin' atlarina shekem birdey boliwi, eki do'retpenin' tig'iz baylanislilig'i bar ekenliginen Derek beredi. Yag'niy shig'isi bir tuwisqan qa'wim wa'killerine tiyisli ekenligin ko'rsetedi. Ma'selen: qizlardin' atlarinin' uqsaslig'in alip qarayiq. Alpamis da'stanindag'i Gu'lparshinnin' ati «gu'l - parsha» ya'niy bir parsha gu'l degen ma'nisti an'latsa al Baniw Sheshektin' atindag'i «Baniw» shig'ista hayal qizlarg'a hu'rmet retinde qoyilatug'in so'z bolip, «Sheshek» so'zi «gu'l» degen ma'nisti beredi. Demek eki do'retpede mazmuni jag'inan birdey uqsasliqqa iye. Endi batirlardin' qiyin sha'rtlerdi orinlap, su'ygen qizlarin alip eline qayiwi, izlerinen quwg'inshilardin' quwiwi «Qorqit ata» kitabinin' «Xan- To'reli» jirinda «Ma'spatsha» da'staninin' syujetinde bar. Ma'spatsha da'staninda Ma'spatsha ha'm Ayparshanin' Shardene babanin' aldawina erip dushpanlarina duslassa Xan to'reli jirinda Xan To'reli ha'm Seyiljan suliw oguz eline jaqinlag'an jerde qiriq jigitti elinen ata-anasinan su'yinshi soratip jibergennen son' dushpanlarina jolig'adi. Biraq eki do'retpede de Ma'spatsha ha'm Xan To'reli obrazlarina «Batir an'qaw, er go'dek» degenindey arqayinliq ta'n bolsa, Ayparsha ha'm Seyiljan suliw obrazlarina aqilliliq, suliwliq ha'm er ju'reklilik basim su'wretlenedi.

«Xan To'reli» jirinda da, «Ma'spatsha» da'staninda da dushpanlarina qarsi gu'reste qiz ha'm jigit ten'dey gu'res ju'rgizedi. Biraq jigitlerge qarag'anda da qizlardin' aqillilig'i sabir – taqati, yag'niy Ayparsha ha'm Seyiljan suliwdin' dushpanlarg'a qarsi gu'resi, batirlig'i ayriqsha jirlanadi. Sonliqtan da professor K.Ma'mbetov Xan- To'relinin' qallin'lig'inin' kelbeti bizge Gu'layim, Sa'rbinaz ha'm Altinay obrazlarin eske tu'siredi, dese al belgili folklorist professor K.Maqsetov Ayparsha obrazina arnawli toqtap: «Ayparshanin' da'staninda batir ha'tte geypara jag'daylarda Ma'spatshadan ku'sh ha'm aqil jag'inan basim etip su'wretleniwi erte zamanlarda qaraqalpaq

shejireleri ta’repinen so’z etiletug’in ruw basshilari ha’m hayal uran bolg’an Ariwxan menen Aqsholpandi, xaliq poezyasinda do’retilgen Gu’layim obrazin yadqa saldiradi, onin’ u’stine bul obrazlardin’ traditsiyaliq baylanisinin’ bar ekenligin aytiw kerek. Solay etip hayal qizlardin’ batirlig’in jirlaw qaraqalpaq xaliq poezyasinda qa’liplesken qubilis bolip esaplanadi» - dep jazilg’an edi. Haqiyqatinda da Seyiljan suliw ha’m Ayparsha obrazlarinan a’yyemgi maqsetler ha’m amazonkalar da’wirindegi batir qizlar obrazinin’ sa’wlesin ha’m da’stu’rlik baylanisin ko’riwge boladi. Buni jirdag’i Seyiljan suliw ha’m da’standag’i Ayparsha obrazlarinin’ bir birine og’ada uqsaslig’inin’ o’zi aq tastiylap otir. Demek bul na’rse eki do’retpenin’ genetikaliq ha’m qa’wimlik shig’isi jag’inan da bir tutas ata tegine iye adamlardin’ turmisinan do’regen epikaliq shig’armalar ekenliginen Derek beredi. Ja’ne de bir ayatatug’in na’rse, bul do’retpeler o’zlerinin’ do’reliw da’wiri boyinsha da onshama bir alshaq waqit aralig’ina iye emes. Ati zati, turmis jag’daylari, da’stu’r a’detleri jaqin adamlar tayipasi ju’da’ ortaq bir tariyxiy maydanda jasamasada, bir-birine izbe-iz jaqin bioontropolodiyaliq waqit aralig’inda o’mir su’redi. Keri jag’dayda joqarida so’zetilgen uqsaslilar bul eki da’standa bir ta’hlitte ushiraspag’an blar edi. usig’an tiykarlana otirip biz «Qorqit ata» kitabiindag’i jirlar qaraqalpaq xalqinin’ da to’l mu’lki, milliy miyrasi dep tartinbay ayta alamiz.

«Qorqit ata kitabi»inda Bamsi – Birek ha’m Baniw Sheshektin’ «Alpamis» da’staninda Alpamis ha’m Gu’lparshinnin’ qosiliw toylarinin’ o’tkeriliwi uqsas. Biraq og’uz eposinda biz o’zimizde belgisiz bolg’an u’rp a’detler, toy da’stu’rleri menen tanisamiz. Onda kiyewdin’ oq jaydan oq atiwi, sol og’inin’ tu’sken jerinde kelinshek shatirinin’ tigiliwi, Baniw Sheshektin’ Biyrekke pa’kligin bildiretug’in qizil shekpen tigip beriwi, oni Biyrektin’ kiyiwi, son’inan joldaslarinin’ ha’r ku’ni birewine kiygizip

shig’iwi qusag’an su’wretlewler a’yyemgi zamanlardag’i xaliqlardin’ milliy u’rp a’det, salt da’stu’rleri bolsa kerek.

Bunan basqa Bamsi Biyrek ha’m Alpamistin’ dushpan qolina g’apilliqta bende bolip tu’siwi uqsag’an detal «Yusuf Axmet» da’staninda da bar. Biraq Biyrek ha’m Alpamistin’ tutqing’a tu’siwinde ekewinin’ de muxabbati sebepshi boladi. Sebebi «Bamsi Biyrek» ha’m «Alpamis» da’stanin’ tiykarg’i syujetlik linyasi muxabbat ma’selesi do’gereginde rawajlandiriladi. Al «Yusuf Axmet» da’staninda muxabbat ma’selesi son’g’i bo’limlerde g’ana tiykarg’i plang’a o’tedi.

Sonday aq xaliq awiz eki do’retpelerinde ken’ tarqalg’an da’stu’rlik su’wretlewlerdin’ biri, bolajaq istin’ aldin ala tu’sinde ayan beriwi misali: «Alpamis» da’staninda Qalmaq xani Tayshixan Alpamistin’ kiyatirg’anlig’in aldin ala bilse, «Yusuf Axmet» da’staninda Shin’mashin jurtinin’ patshasi Go’zalsha Yusuf ha’m Axmettin’ kiyatirg’anlig’in tu’s ko’riw arqali biledi. Bunday syujetler uliwma eposliq shig’armalar ushin ta’n da’stu’rlik harakterge iye bolip «Qorqit» jirlarinda da gezlesedi. Sonday aq «Alpamis» ha’m «Yusuf Axmet» da’stanlarinda batirlar dushpan patsha ta’repinen aldawliq penen qolg’a tu’siriledi. Onda da Alpamis Ma’sten mamanin’ hiylesi menen uqlap qalip zindang’a tu’sse, Yusuf Axmetti Mirzamambet uqlap atirg’an jerinde qolg’a tu’siredi. Al endi «Qorqit ata» kitabinin’ III jirinda g’awirler Biyrekti 39 jigiti menen uqlap atirg’aninda 700 a’sker menen kelip bende etip alip ketedi. Waqiyanin’ bunday boliwina ko’binese batirlardin’ 7 ku’n, 7 tu’n uyqlaytug’ini sebepshi boladi. Al batirlardin’ uqlawi ha’m g’apilliqta dushpanlarg’a tutqin boliwi du’nya eposlarinda bar, ken’ tarqalg’an syujetlerdin’ biri bolip «Qorqit» jirinda da qaraqalpaq da’stanlarinda da ken’nen saqlang’an. Onin’ u’stine patshalardin’ batirlarg’a ashiqtan ashiq gu’res ju’rgiziwge batili barmay olardin’ ku’sh qu’direti, aybat saltanatinan qorqip uyqlap atirg’an waqtinda tosattan g’apilda topilis jasawi

olardin’ ha’reketindegi ha’m obrazlarindag’i uqsasliqti ko’rsetedi. «Qorqit» jirlarinda da qaraqalpaq da’stanlarinda da patshalar obrazinin’ jasaliwina unamsizliq, qorqaqliq ta’n bolip keledi.

Sonday aq «Bamsi Biyrek» ha’m «Alpamis» da’stanlarinda batirlardin’ dushpanlarg’a bende boliwina Baniw Sheshek ha’m Gu’lparshinnin’ atalari sebepshi boladi. «Alpamis» da’staninda Alpamis Qalmaq xani Tayshixannin’ qolinda bende bolg’an Gu’lparshinin’ ata-anasin qutqariwg’a atlang’aninda Ma’stan mamanin’ aldawi menen tutqing’a tu’siriledi, ekinshi ta’repten Baysari bay qizi Gu’lparshindi Tayshixang’a hayalliqqa beriwge wa’de etken boladi. Al «Bamsi Biyrek» jirinda bolsa Baybitjanbek qizi Baniw Sheshekti Bayburd qamalinin’ begine beriwge wa’de etken bolip shig’adi. Bul Baysari ha’m Bayditjanbektin’ obrazlarinin’ jasaliwindag’i sa’ykeslikti ko’rsetedi. Jane olardin’ bul ha’reketinen o’z wa’delerin buzip besikte atastirilg’an qizlarin basqa birewge uzatiwg’a talaplang’anlig’i ko’rinedi. Bunday detal ko’pshilik da’stanlardin’ ha’m ertekerdin’ syujetinde ushirasadi. «G’a’rip ashiq» da’staninda Shabbaz patsha G’a’ripke atastirilg’an qizi Shaxsanemdi o’z wa’desin buzip G’a’ripke qosiwdan bas tartadi ha’m o’zinin’ sa’ka’rdasi Shaxwa’letke bermekshi boladi.

Jazba miyraslardin’ ha’m awizeki da’stanlardin’ uliwma syujetinde ha’m obrazlarinda usinday uqsasliqlar bolg’ani menen ha’r qiyli da’wirde, tu’rli ta’biyiy jag’dayalarda olar ko’p g’ana o’zgerislerge ushirap biraq onin’ ideyasinda uliwma sol ja’miyettedi xaliqtin’ tilek a’rmanlari sa’wlelenip otiradi. Misali: «Alpamis» da’stani bopyinsha jazg’an izertlewinde professor K.Maqsetov : «azaplang’an Baysarini qorg’aw maqsetinde Alpamistin’ Tayshixaang’a qarsi bariwi, bo’linip ketken qaraqalpaq ruwlarina g’amqorliq bolip esaplanadi. Solay etip bul jerde qaraqalpaq ruwlarinin’ erki birigip jasaw tag’diri ortag’a qoyilip olardin’ birlik penen dushpang’a qarsi turiw za’ru’rligi so’z etiledi. Da’standa so’z etiletug’in bul tiykarg’i ideya

adamlardin’ millet bolip bo’linbesten aldin yamsa qaraqalpaq xaliqi payda bolmastan burin uriw qa’wim bolip bo’linip jasag’an bir da’wirinde olardin’ xaliq bolip birigiw a’rmanlarinan tuwg’an boliwi kerek», deydi. Haqiyqatinda da qaraqalpaq xalqina tiyisli ko’lemli eposliq jirlardin’ qaysisin alsaq ta olardin’ mazmunina qaraqalpaq xalqinin’ yamasa onin’ etnik quramina kirgan qa’wimlerdin’ basinan o’tkergen siyasiy- tariyxiy jag’daylardin’ izin ko’remiz.

«Qorqit ata kitabi»ndag’i jirlarda ha’m da’stanlarda dushpanlardin’ elge tosattan topilis jasag’ani ya’ki batirlardin’ dushpang’a tutqin bolg’anin unamli ha’m unamsiz qaharmanlar qorqinishli tu’s ko’riw arqali biledi ha’m qutqarmaqshi bolip izinen atlanadi. Bul tu’s ko’riw syudjeti tu’rkiy xaliqlarinin’ ha’m du’nya ju’zlik eposliq shig’armalari ushin ta’n bolip Abulqasim Ferdawsiydin’ «Shaxnama» da’staninin’ «Siyawish haqqinda da’stan» bo’liminde de ushirasadi, onda Afrasiyab jatip tu’s ko’redi, tu’sinde jer beti jilanlar menen qaplanip puwlang’an aspanda shay qus o’limnen xabar berip turadi. Bunday etip qaharmanlardin’ tu’s ko’riwi haqqinda waqiya «Qiriq qiz», «Qoblan», «Manas» t.b. da’stanlarinda ken’ orin alg’an. Misali «Yusup-Axmet» da’staninda da Yusup ha’m Axmedtin’ dushpanlarg’a bende bolg’ani 40 jigittin’ sa’rdari A’shirbekke qorqinishli tu’s bolip ayan beredi. Ol tu’sinde Yusup, Axmettin’ u’stinde ko’p qus ko’redi, erlerdin’ atinin’ eri joq bos ko’redi, ah tartip oyans Yusaf, Axmet janinda joq bolip shig’ardi. Endi Qazan –Salordin awilin jaw shapqandi tuwrali dep ataliwshi Qorqit ata kitabinin’ ekinshi jirinda Qazanxanda o’zeline jaw shapqanin ja’ne xalqin bende etip alip ketkenin tu’s ko’rip biledi. Tu’sinde qolindag’i sunqarin birew alip ketedi. Ala shatirina ko’kten jay tu’sip, o’rtenip atirg’an boladi ha’m oradsinin’ qar aralas jawin jawip duman tu’sedi. Awilin qutirg’an qasqirlar bu’ldirip, bir qatar tu’ye kelip o’gizin qulatadi. G’arg’a tu’sles qara

shashi tarqatilip sol shashi ko’zin basadi ha’m onin’ qoli bilegine shekem qang’a batqan boladi.

Usilayinsha bolg’an waqiyani tu’s ko’riw arqali bilgen A’shirbek xaliq batirlarin Qazan – Salar o’zelin dushpanlardan qutqarmaqshi bolip izinen atlanadi biraq o’zlerine kelgen ja’rdemge olrdi tutqindag’i btirlardin’ qaytariwg’a ha’reket etiw detail eki do’retpede de bar. Bunday detal «Yusuf Axmet» da’staninda ha’m «Qorqit» jirlarinin’ I ha’m IV jirlarinda ushirasadi.

Biz eki do’retpedegi obrazlarg’a itibar bergende Qazan – Salor obrazinin’ jasaliwi ha’m onin’ bazi bir ha’reketleri A’shirbek sa’rdar obrazin eske tu’siretug’inlig’in aytiwimiz kerek. O’ytkeni o’z balasi Orazdi qutqariw ushin Qzannin’, Yusuf Axmeti jaw qolinan qutqariw ushin A’shirbektin’ alip barg’an qaharmanliq gu’resleri eki miyrasta da birdey uqsasliq penen su’wretlenedi. Ayirmashilig’i «Qorqit» jirlarinda batirlar dushpanlarg’a bende bolg’an eli, xalqin. Tuwisqan tuwg’anlarin qutqariwg’a atlang’aninda jaw u’stinen jen’iske erisip u’lken saltanat penen eline qaytadi ha’m usilayinsha jirdin’ syujeti juwmaqlanip otiradi. Yusuf Axmet da’staninda bul basqasha beriledi. A’shirbek sa’rda’r qiriq jigiti menen Yusuf ha’m Axmetti qutqarmaqshi bolip jawg’a qa’nsheli gu’es ju’rgizgeni menen jen’ilip eline qaytadi.

Soni aytiw kerek Yusuf Axmet da’staninda da Qorqit ata kitabinin’ I ha’m IV jirlarinda da batirlardin’ dushpan qolina bende bolip tu’siwi olardin’ an’ awlawg’a shiqaninda ju’z beredi. Eki do’retpede de batirlardin’ hayali olardi an’nan u’lken olja menen keledi go’y degen niyet penen ku’tip otiradi. Bunda qorqit jirlarindag’i bir o’zgeshelik Qazan ha’m Oraz ha’m ata ha’m bala an’g’a ten’nen atlang’an boladi. Son’inan ata jalg’iz o’zi keledi de balasi dushpanlarg’a bende bolg’ani etip su’wretlenedi.

Endi Qorqit ata kitabindag’i jirlarda ha’m qaraqalpaq da’stanlarinda hayal qizlardin’ obrazinin’ jasaliwindag’i sa’ykeslik olardin’ dushpang’a

bende bolg’an o’z kiyewlerin ya’ki balalarin joqlap aza tutip, qayg’iriwlarinda, zarig’ip ku’tiwlerinde ju’da’ ayqin koi’rinedi. Misali: Gu’lsenayim obrazi menen Bo’rli suliw ya’ki Dirsexannin’ hayalinin’ obrazlari yamasa Alpamistin’, G’ariptin’ anasinin’ ha’m qarindasinin’ ishki qiynaliw tuyg’ilari Bamsi Biyrektin’ anasi menen qarindasinin’ obrazin eske tu’siredi. Misali: og’uz eposinin’ IV jirinda Bo’rli suliwdin’ balasi Orazdi joqlap:

Ulim, ulim ha’y ulim!
Basimdag’i tajim, ulim !
Ko’z aldimda turg’an Qaratawimnin’ biyigi!
Eki ko’zimnin’ shirag’i!

Yusuf Axmet da’stanindag’i Lalaxanayimnin’ balasi Yusufbekkti ha’m Axmetbekti joqlap aytqan so’zine misal keltireyik:

Eldi jiynap xan to’reler,
Yusuf qa’ne, Axmet qa’ne?
Ju’regimdi otqa dag’lag’anlar ,
Yusuf qa’ne Axmet a’ne?
Ko’zden aqti qanli jasim,
Pa’lekke jeter nalishim,
Ketti menin’ kewil xoshim,
Yusuf qa’ne Axmet a’ne?

Bamsi Biyrek jirinda ha’m qaraqalpaq eposlari «Alpamis», «Yusuf Axmet», «G’arip ashiq» da’stanlarinin’ syujetinde batirlardin’ tutqinnan bosatiliwina saz a’sbabi shin qobiz, qobiz ya’ki duwtar ja’rdemshi ro’l ouynasa, ekinshi ta’repten sol eldin’ patshasinin’ qizlari sebepshi boladi. Misali Bamsi Biyrek jirinda ga’wirler sizdaninda jatirg’an Biyrekti shig’arip toyinda qobiz shertirip qoyadi. Biyrekti tutqinnan bosatiwg’a g’awir beginin’

qizi ja’rdemlesse, Alpamis da’staninda Alpamisti tutqinnan qutqariwg’a Tayshaxannin’ qizi Arzayimnin’ ja’rdemlesiwi.

Qorqit ata kitabindag’i jirlarda ha’m qaraqalpaq da’stanlarinda batirlardin’ ayriqsha itibar beriledi. Olar batirdin’ en’ jaqin ja’rdemshileri xizmetin atqaradi. Misali: Qorqit ata kitabinin’ «Og’us Ushan balasi Sekrek» tuwrali oninshi jirda uyqlap qalg’an Sekrekti eti eki ma’rte oyatip dushpanlarinan qutqarsa al Qobilan da’taninda Qobilannin’ Ko’bikli da’w qolinda jen’iletug’inin bilgen Tori ati bir yarim ku’nshilik joldag’i Da’rbentten qaynag’asi Qaramandi shaqirip kelip ja’rdem beredi. Biz qaysi eposliq jirdi alip qarasaq ta batirlardin’ tulpar ati bolatug’inlig’in ha’m olar qayda atlansa da tek g’ana o’zlerinin’ atlarin minetug’inlig’in ko’remiz. Ha’tteki Alpamisti zindannan o’zinin’ Bayshupar ati tartip shig’arsa Bamsi Biyrek tutqinnan bosatilg’anda ko’p attin’ ishinde ju’rgen Aq boz at iyesi Biyrekti tanip eki artqi ayag’inan tikke turip kisnep jiberedi.

Bayshupar o’zine tiyiskennen son’ Alpamis Tayshixannin’ patshalig’ina uris ashadi, xalqin bu’ldirip A’shimdi xan ko’teredi. Alpamistin’ a’piwayi shopandi xan ko’teriwi da’stannin’ xaliqliq ideya menen suwg’arilg’anlig’in ko’rsetedi.

Onin’ u’stine batirlardin’ o’z hayalinin’ toyinin’ u’stinen shig’iwi detallari ko’shpeli syujet bolip ko’pshilik xaliqlardin’ awizeki ha’m jazba a’debiyatinan orin alg’anlig’in akademik V.M.Jermonskiy jazg’an edi haqiyqatinda da Bamsi Biyrek jirindag’i ha’m «Alpamis», «G’arip ashiq» da’stanindag’i son’g’i yujetler sonin’ menen birge Gomerdin’ «Odesiya» shig’armasindag’i syujetler bir biri menen jaqinliqqa iye. Buni salistiriw arqali orta a’sirlerdegi jazba estelik penen xaliq awiz eki da’stanlarinin’ arasinda tig’iz tipalogiyaliq baylanisinin’ bar ekenligin aniqladi.

# Kirisiw

Qaraqalpaq xalqi Orta Aziyada jasawshi tu’rkiy tilles xaliqlardin’ biri bolg’anliqtan bizin’ a’sirimizden neshe min’ jillar burin-aq do’retilgen bay folklorina, jazba a’debiy ma’deniy esteliklerine iye. Bul miyraslar bizin’ zamanimizg’a awizeki tu’rde de jazba tu’rde de jetip keldi.

O’zbekstan Respublikasi g’arezsizlike erisiwi menen o’tkendegi milliy u’rp – a’det da’stu’rlerimizdi, ma’deniy a’debiy, tariyxiy miyraslarimizdi qayta u’yreniwge ku’shli diqqat bo’lindi. Sonin’ na’tiyjesinde Xoja Axmet Yassawiy «Hikmet»lerin, Ha’kim ata. At Termiziy, Baxawatdin Naqishbandiy siyaqli shig’is danishpanlarin ha’m A’mir Temir, Jallalatdin Manguberdi siyaqli sa’rka’rdalar o’mirin ha’m atqarg’an xizmetlerinin’ ahmiyetin u’yrene basladiq. Sonliqtan da usilar menen qosa erte da’wirlerido’retilgen jazba esteliklerdi, o’tkendegi xaliqtin’ tariyxi ha’m a’debiy folklorliq miyrasi retinde u’yreniwge ken’ jol aship berildi. Sonin’ ushinda erte da’wirleri do’retilgen jazba esteliklerdi a’debiy tariyciy, folklorliq ha’m lingvistikaliq aspektte u’yreniw ilimde ko’p g’ana jan’aliqlardin’ betin ashatug’inlig’i so’zsiz. Usi ko’z qarastan biz VIII-IX a’sirlerde Sirda’rya boylarin ma’ka’n etken Og’uz-Qipshaq qa’wimleri birlespesinde do’retilgen «Qorqit ata kitabi» ndag’i jirlardin’ u’yrenidin’ qaraqalpaq a’debiyattaniw ha’m folkloristika iliminde keshewillep qalg’anlig’in esapqa ala otirip jazba esteliktin’ qaraqalpaq da’stanlari menen baylanisin tiykarg’i izertlew obiekti etip aldiq.

Eger du’nya xaliqlarinin’ ilimine na’zer taslasaq «Qorqit atakitabi»n u’yrerniw ha’m izertlew isi a’lle qashan aq qolg’a aling’anlig’in ha’m dawam etip kele atirg’anlig’in ko’remiz. Al jazba esteliktin’ ilimde belgili boliwi XIX a’sirdin’ birinshi yarimina tuwri kelip, ha’zirge shekem eki qoljazba nusqasi belgili.

# Juwmaqlaw

Solay etip biz orta a’sirlerdegi Og’uz-Qipshaq qa’wimlerinen miyras bolip qalg’an jazba esteliklerdin’ biri «Qorqit ata kitabi»ndag’i jirlar menen qaraqalpaq xaliq da’stanlari «Alpamis», «Ma’spatsha», «Yusuf Axmet»tin’ o’z ara baylanisin izertlewler arqali to’mendegi juwmaqqa kelemiz.

A’lbette, «Qorqit ata kitabi»ndag’i jirlar menen qaraqalpaq da’stanlarinin’ baylanisi, olardin’ o’z ara uqsaslig’i joqaridag’i u’sh da’stan menen sheklenip qalmaydi. Al «Qorqit» jirlarinin’ pu’tkil tu’rkiy tilles xaliqlardin’ ko’pshiliginin’ eposlari menen baylanisip atirg’anlig’i ilimde tastiyqlang’an. Sonliqtanda bazi bir syujetlerdin’ bayanlaniwi, ayrim epizot ha’m detallardin’ beriliwi, ko’rkem su’wretlew qurallarinin’ isletiliwi, qaraqalpaq da’stanlarinin’ ko’pshiligi menen u’nles kelip otiratug’inlig’in ko’riwimizge boladi.

Qorqit jirlari menen uliwma qaraqalpaq folklorinin’ u’lgilerin ya’ki barliq qaraqalpaq da’stanlarinin’ baylanisin izertlew ma’selesin jumistin’ ko’lemi de prioblemasi da ko’termegenliktenjazba estelik penen ju’da jaqin dep tabilg’an da’stanlardi bo’lip u’yreniw maqsetke muapiq.

Qorqit ata kitabindag’i jirlardin’ eposlarg’a ta’n da’stu’rlik baylaniwlar menen su’wretlew usillari ha’zirgi da’wirdegi da’stanlar da saqlanip kele atirg’anlar tan’ qalarli uqsasliqqa iye qubilis ekenligin ili miy jaqtan da’lillendi. Qorqit ata kitabi XV a’sirde folklorliq stilde xatqa tu’sirilgen jazba a’debiy estelik boliwina qaramastan, qurilisinda folklorliq fantaziyaliq su’wretlewlerden ko’re real tariyxiy haqiyqatliqti bayanlaw basim keledi.

Bul jazba estelik orta a’sirlerdegi Orta Azyani jaylag’an tu’rkiy qa’wimler turmisin, tariyxin da’wir shinlig’in beriw jag’inan qaraqalpaq da’stanlarina salistirg’anda da ayriqshalanip turadi. Ha’r bir da’wirdegi siyasiy ja’miyetlik o’zgerislerge baylanisli eposlardin’ syujetinde belgili da’rejede o’zgerisler engizilip otratug’inlig’i ta’biyiy.

Paydalanilg'an a'debiyatlar


1. I.A.Karimov «Tarixiy xotirasiz kelejak yo'q» Toshkent 2008
2. K.Palimbetov «Qorqit ata kitabi ha'm qaraqalpaq da'stanlari»
3. K. Mambetov «Erte da'wirdegi qaraqalpaq a'debiyati» No'kis 1992
4. Q.Maqsetov «Qaraqalpaq qaharmanliq da'stanlarinin' poetikasi» Tashkent 1965
5. I.Sag'itov «Qaraqalpaq xalqinin' qaharmanliq eposi» No'kis 1986
6. Internet materiyallari http://www.google.com, www.yandex.ru, www.blogs.rusbg.info, www.e-kyzylorda.gov.kz, www.kazpravda.kz